# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# एगो प्रिय लइका क एगो दास बनल


लेखकः Edward Hughes
ब्याख्याकरः Byron Unger; Lazarus
अनुकूलितः M. Kerr; Sarah S; Alastair P.
अनुवादकः सुरेश मसीह
उत्पादितः Bible for Children



www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada



©2020 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।




इसहाक बहुत खुश रहलन। उनकर लइका याकूब ही उनकी खातिर सबकुछ रहे। इहाँ तक कि एसाव अपनी भाई क स्वागत कइलन जेके उ एक बार जान से मारला क कसम खईले रहलन। लेकिन याकूब क लइका खुश ना रहलें; काँहे से कि यूसुफ, उनकर छोटका भाई, बाबूजी क बेहद प्रिय रहलन।



यूसुफ, जब अपनी सपना के उन सबके बतवलन तब उनकर भाई लोग उनसे अउर अधिक क्रोधित हो गोइलें। यूसुफ कहलन, "अनाज क हमार पूला लमहर खड़ा रहलन अउर हमरी भइयन क पूलवन क ढेर ओकरी सम्मान में झुकत रहली सअ।" ए सपना क मतलब ई रहलन कि यूसुफ अपनी भइयन से अधिक महान हो जइहन।



3

यूसुफ की दूसरी सपना में, सूरज, चांद अउर सितारा सब ओकरी सामने झुकत रहलें। इहाँ तक कि खुद के अपनी माई - बाप अउर भइयन से ऊपर कइला की खातिर उनकर बाबूजी याकूब भी उन से बहुत क्रोधित हो गोइलन।



4

एक दिन याकूब, यूसुफ के ओकरी भइयन की पास चारागाह में भेजलें, जहाँ उ सब अपनी भेड़न के चरावत रहलें। भईयन सब ओके अपनी ओर आवत देख के, धीरे धीरे बोललें, "चलअ ए सपना देखनहारा के मार डालल जा।" यूसुफ के ओकरी सामने की खतरा की बारे में कुछ पता ना रहे।



5

रूबेन सबसे बड़का भाई असहमति जतवलन। उ कहलन,"हमनी के खून ना बहावे के चाहीं।" देखजा, "इहाँ एगो गड्हा बा।" ओ के ऊहवें मरे दिहल जा! रूबेन, "संध्या होखला पर यूसुफ के बचवला की खातिर एगो योजना बनवलन।"



6

जब यूसुफ उहाँ पहुंचलन, उनकर भाई लोग उनके झट पकड़ लिहलन, अउर रंग बिरंगा विशेष कोट जेवन याकूब अपनी प्रिय बेटा खातिर बनवले रहलन, ओ के उतार दिहलन लोग। तब उ लोग यूसुफ के ओ भयानक गड्हा में फेंक दिहलन।



7

रूबेन की अनुपस्थित में ऊंटन क एगो कारवां दूर मिस्र देश की खातिर अपनी रास्ता पर नजदीक से होके गुजरत रहल। "यूसुफ के बेच दीहल जा," यहूदा, उनकर भाई गिड़गिड़ा के कहलन। सौदा तय हो गोइल।उ सब चांदी की बीस टुकड़न की खातिर यूसुफ के बेच दिहलें।



8


लड़खड़ात ऊंट ओके अपनी परिवार अउर मातृभूमि से दूर ले जाये लगलन; लेकिन यूसुफ शोकाकुल, भयभीत अउर असहाय होके भीगल आखियन से देखत रहलन।
9
"का, ई यूसुफ क कोट ह? ई त खून से भर गइल बा। हमनी क एके रेगिस्तान में पवलीं हँ जा।" क्रूर भाई लोग याकूब के विश्वास करावे खातिर बहकवलन कि ओकरी प्रिय लड़का के कवनो जंगली जानवर मार डलले होड़। याकूब अपनी कपड़ा के फड़लें अउर विलखे लगलें। केहु भी उनके शान्त्वना ना दे पावल।
10
मिस्र में, यूसुफ भयभीत अउर अकेला महसूस कइले होइहन। शायद उ अपनी घर की खातिर तरसत रहल होइहन। लेकिन उ उहां से बच ना पवलन। उ मिस्र में पोतीपर नाम की एगो महत्वपूर्ण ब्यक्ति की घर में एगो दास बन गोइलन। पोतीपर जब इ देखलन कि यूसुफ हमेशा कठिन मेहनत करेलन अउर उन पर भरोसा भी कइल जा सकेला।
11
पोतीपर एक दिन यूसुफ से कहलन, "तू जेवन कुछ भी करें लअ उ हमेशा सब बढ़ियाँ ही होला। परमेश्वर तोहरी साथ बाड़न। हम तोहके आपन मुख्य सेवक बनावल चाहत बानी, अबसे तू हमरी सब काम धाम क प्रभारी अउर सब अन्य नौकरन क मालिक रहअ बअ।"
12
यूसुफ की कारन परमेश्वर पोतीपर के बढ़ियाँ फसल अउर बिभिन्न धन दौलत दिहलन। अब यूसुफ एगो महत्वपूर्ण आदमी रहलन, तौ भी उ भरोसा अउर ईमानदारी से परमेश्वर क सेवा कइलन। लेकिन यूसुफ की खातिर एगो फिर दिक्कत आईल।
13
पोतीपर क मेहरारू एगो दुष्ट औरत रहल। उ अपनी पति की जगह लेबे की खातिर यूसुफ के कहलस। यूसुफ ओ के इनकार कर दिहलन। उ पोतीपर की बिरुद्ध गलत करके परमेश्वर की खिलाफ पाप करल ना चाहत रहलन।
14

जब उ मेहरारू उनके मजबूर करे क कोशिश कइलस, तब यूशुफ उहाँ से भाग गोइलन। लेकिन उ उनकरी कोट के पकड़, अपनी पास रख लिहलस।



15

पोतीपर क पत्नी शिकायत कइली कि,"आपकअ दास हमरी पर हमला कइलन हअ।" देखीं "ईहाँ ओकर कोट बा!" पोतीपर खिसियईलन। हो सके ला, उनके पता रहलन कि उनकर मेहरारू झूठ बोलत रहली। लेकिन उनके कुछ करहीं के पड़ी। उ का करे वाला रहलन?



16

पोतीपर यूसुफ के जेल में डाल दिहलन। जबकि उ निर्दोष रहलन, तौ भी यूसुफ कड़वाहट में या खिसियाइल ना रहलन। शायद उ ओ परेशानी से सीखत रहलन, कि यदि उ परमेश्वर के सम्मान दीहन त परमेश्वर भी उनके सम्मानित करिहन, ई मायने ना रखे ला कि उ कहाँ बाड़न - उ जेल में भी काहें ना रहें।



17

एगो प्रिय लइका क एगो दास बनल

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

उत्पत्ति 37, उत्पत्ति 39

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

18




19

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं: हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16

20